



ZIMBABWE COUNCIL FOR
HIGHER EDUCATION



GWARO RECHIBVUMIRANO NEVATINOSHANDIDZANA NAVO

Kusimbisa Hunaku hweDzidzo yePamusoro

Zviri mukati

1	Nhanganyaya.....	2
2	Kumisikidzwa.....	2
3	Donzvo.....	2
4.	Magwaro Anoshandiswa	2
5.	Muono	3
5.	Chinangwa	3
6.	Zvatinokoshesa.....	3
7.	Chinangwa cheGwaro reChibvumirano.....	3
8.	Vakanangwa neGwaro reChibvumirano.....	3
9.	Zvemunogona Kutarisira Kubva Kwatiri – Zviga neMitemo yeMaitirwo eBasa.....	4
10.	Zvatichaita Kuti Tikwanise Kupima Mashandiro eMhando yePamusoro	4
11.	Zvichaitwa neZIMCHE.....	5
12.	Zvinotarisirwa kune Vatinoshandidzana navo.....	6
13.	Kuongororwa zvakare kweGwaro reChibvumirano.....	6
14.	Maonero eVatinoshandidzana Navo.....	6

Nhamba Inotevedzwa/ Musoro weGwaro	Gwaro rechibvumirano pakati peZIMCHE nevainoshandidzana navo
Muridzi weMutemo	Mukuru Anotungamirira Kanzuru
Munhu anoona nezvemashandisirwo eMutemo	Mutungamiriri weKushambadza neKudyidzana neVeruzhinji
Komiti inoona nezveMitemo	Komiti Inoona nezveMafambisirwo eBasa
Chimiro	Rakatenderwa Kushanda neKanzuru yeZIMCHE
Zuva Rarakatenderwa	19/12/22

1 Nhanganyaya

Zimbabwe Council of Higher Education (ZIMCHE) ikanzuru inoona nezvehunaku uye mitemo ine chekuita nezvedzidzo yedanho repamusoro munyika.

2 Kumisikidzwa

Zimbabwe Council for Higher Education yakavambwa kuchitevedzerwa mutemo weparamende, Chitsauko 25: 27, wakaparurwa mugore ra2006. Mutemo uyu unomisikidza ZIMCHE nezvinotevedzwa mukunyoresa nekubvumidzwa kuvepo kwenzvimbo dzedzidzo dzemhando yepamusoro. ZIMCHE ine vamiririri vanoenderana nehunyanzvi hunodiwa hwakasiyana-siyana mune mabasa avanoita. Kanzuru iyi inoona nezvekupa gwara remafambisirwo ebasa pabazi iri.

Bazi reDzidzo yePamusoro, Hunyanzvi Hutsva, Sainzi neKuvandudzwa kweTekinoroji rinopa rutsigiro, mari yekushandisa uye mitemo inofanira kutevedzwa kuti ZIMCHE ikwanise kuzadzisa donzvo rayo.

3 Donzvo

Donzvo reZIMCHE nderekusimudzira nekuona mafambisirwo edzidzo inopiwa muzvikoro zvedzidzo zvedanho repamusoro uye kushanda sebazi rinopa zviga zvinosungirwa kutevedzerwa mumadzidzisirwo, kunyorwa kwebvunzo, kuongororwa kwezvitupa zvedzidzo nekuitwa kwetsvakurudzo.

4. Magwaro Anoshandiswa

- Bumbiro reMutemo weZimbabwe, Zvikamu 27 ne75
- Mutemo weZimbabwe Council for Higher Education wa2006 (Chitsauko 25:27).

5. Muono

Kuve kanzuru inoona nezvehunaku nemafambisirwo edzidzo yepamusoro munyika nepasi rose panosvika gore ra2030.

5. Chinangwa

Kugona kushandisa zvose zvinoita kuti pave nehunaku hwedzidzo yepamusoro muZimbabwe nechinangwa chekugadzira zvirongwa zvokuwanisa dzidzo yeunyanzvi nezvitupa zvinoita kuti vadzidzi vakwanise kugadzira nekuwanisa mabasa ebetsero kune veruzhinji. Izvi zvinosimudzira kuvambwa kwemaindasitiri nekukurumidza kuvandudza hupfumi hweZimbabwe kuti husvike padanho repakati muchikamu chepamusoro panosvika gore ra2030 zvichienda mberi.

6. Zvatinokoshesa

- Hunaku,
- Hutungamiriri,
- Kuzvidavirira,
- Kuita zviri pajekerere,
- Mushandirapamwe,
- Kugadzira zvinhu pachishandiswa hunyanzvi hutsva.
-

7. Chinangwa cheGwaro reChibvumirano

Chibvumirano chino chinoratidza kuzvipira kweZIMCHE kuzadzisa donzvo rayo rechivimbiso chokuchengetedza nekusimbaradza kuwaniswa kwemabasa emhando yepamusoro. Chibvumirano ichi chinoratidza kuzvipira kweKanzuru yeZIMCHE kuti irambe ichivandudza maitirwo ebasa. Zvekare tinovavarira kupa simba kune vanodyidzana nesu kuburikidza nekuvapa zviga zvinotevedzwerwa pamaitirwo ebasa.

8. Vakanangwa neGwaro reChibvumirano

Gwaro reChibvumirano iri rinoratidza kuzvipira kwedu kune vose vatinodyidzana navo vanosanganisira, zvikuru veBazi reDzidzo yePamusoro, Unyanzvi Hutsva, Budiriro mune zveSainzi neTekinoroji, Hurumende, zvikoro zvedzidzo yepamusoro, vadzidzi, vabereki, masangano akazvimirira anoongorora zvitupa zvedzidzo, masangano emabasa ehunyanzvi, mizinda yetsvakurudzo, vashandirwi neveruzhinji. Gwaro iri rinogamuchira huvepo hwehukama uhwu richitevedzera mitemo yakati wandei yekupa mabasa emhando yepamusoro.

9. **Zvamunogona Kutarisira Kubva Kwatiri – Zviga neMitemo yeMaitirwo eBasa**

Kana muchinge matibata, tinovimbisa kukuitirai basa remhando yepamusoro sezvakatarwa mugwaro rino. Tinozivipira kuita zvinotevera:

- kupa rubatsiro nemazvo, takasununguka, nekukurumidza tiine muono wekutambira pfungwa itsva.
- kupa ruzivo rwechokwadi nenguva yakafanira
- kukubatai zvine rukudzo uye ruremekedzo
- kuita zvinhu zvakaenzanirana, kuvimbika nekunzwira kune vose vatinoshandidzana navo
- kuona kuti vashandi vedu vose vane ruzivo rwakakwana uye vakadzidziswa kugadzirisa zvichemo zvenyu nenzira yakanaka
- kuita zvose zvatinokwanisa kugadzirisa zvichemo zvenyu
- kugadzirisa zvichemo zvenyu zvine hunyanzvi nekukurumidza
- kupa magwaro anoratidza patinowanikwa kana kubatika
- kuona kuti tachengetedza mashoko evanhu vatinoshandidzana navo akavanzika
- kubatsira vose vatinoshandidzana navo vanosvika chero nguva ipi zvayo zvine hunyanzvi, kugamuchira vanhu zvakanaka, panharaunda inenge yakashambidzika nokoshesa misayano yetsika nemagariro uye kodzero dzevanorarama nehurema

Kana zvichemo zviri kunze kwezvatinokwanisa kuita, tinokutumirai kune masangano kana vakuru vanoona nezvamunenge muchida kubatsirwa nazvo.

10. **Zvatichaita Kuti Tikwanise Kupima Mashandiro eMhando yePamusoro**

Tichatarisisa nekuyera kuti donzvo remaitirwo ebasa redu razadziswa uye kupa gwaro rinoratidza zvinodiwa kuti muone kana tichikwanisa kuzadzikisa zvinangwa (onai tafura riri pazasi).

Zvinotarisirwa kuitwa neZIMCHE kune Vainoshandidzana Navo

Maitiro	Chinangwa
Tsambanhare yatumirwa ku: info@zimche.ac.zw	Kupindura vanhu vose mumazuva manomwe (7) ebaso uye kuenderera mberi nokuita zvinodiwa
Mibvunzo inotumirwa padandaro repaindaneti	Kupindura zvichemo munguva isingadariki maawa 48

Nhamba dzenhare dzekubvunza	Kupindurwa kwenhare dzose dzisati dzarira katatu munguva dzebaso.
Zvichemo, nyunyuto nepfungwa dzevatinoshandidzana navo	Kutambira nyunyuto nezvichemo mukati memaawa 48, kupindura kana kupa mazano pamusoro pedambudziko raunzwa mukati memazuva manomwe (7) ebaso.
Kupiwa mvumo, kunyoreswa nekuongororwa kwechimiro chezvichemo.	Kupindura mukati memazuva manomwe (7) ebaso kuburikidza nekunyora tichitsanangura nguva dzingatorwa mukuwana mhinduro maringe nemamiro echichemo.
Kupa ruzivo pamusoro pemashandiro edu akajeka uye achifambirana nenguva.	Kuvandudza dandemutande reZIMCHE, mabhurocha nezvimwe zvinyorwa nguva nenguva

ZIMCHE inoshingirira kuramba ichivandudza mashandiro ayo, kana tarisiro dzayo dzisina kubudirira inoedza dzimwe nzira dzekuvandudza mabasa aya nokukurumidza.

11. Zvichaitwa neZIMCHE:

- Kubvunza vainoshandidzana navo pamusoro pezvavanosangana nazvo mukushandidzana vachishandisa nzira yesavheyi.
- Kuongorora nekunzvera zvabuda musavheyi zvinosanganisira zvichemo zvevatinoshandidzana navo nemiono yapiwa kubva kutsambanhare,

nhare nedandaro repaindaneti uye pamakungano ezviratidzwa nekushandura nzira dzekuwanisa mabasa ebetsero pazvinokodzera.

- Tarisirai kuti hutungamiriri huchaona kuti basa riri kubatwa zvemhando yepamusoro nekuvandudza maitirwo ebasa nguva dzose.

12. Zvinotarisirwa kune Vatinoshandidzana navo

Kuti tikwanise kukupai rubatsiro rwemhando yepamusorosoro, tinotarisira kuti muite zvinotevera:

- kupa ruremekedzo kuvashandi vedu
- kushandidzana zvakanaka nevashandi vedu pavanenge vachiita basa ravo
- kutipa mashoko echokwadi uye azere
- kuremekedza nokutevedzera mitemo nematanho emaitirwo ezvinhu akatarwa neZIMCHE
- kutipa nguva yakakwana yokugadzirisa zvichemo zvenyu
- kutibata kana takanganisa kana kuita zvisina kukodzera neapo munenge muchida kupa chichemo.

13. Kuongororwa zvakare kweGwaro reChibvumirano

Kuburikidza nokubvunzurudza vose vainoshandidzana navo vanokosha, ZIMCHE ichaongorora zvakare Gwaro reChibvumirano neVainoshandidzana Navo gore roga roga kana apo zvakakodzera kuitira kuwanisa mabasa ebetsero emhando yepamusoro.

14. Maonero eVatinoshandidzana Navo

Mukuramba tichida kuwanisa rubetsero rwakanakisisa, tinogamuchira maonero enyu amunotipa pamusoro pemabasa ebetsero atinokupai. Zvakadaro, kana muchida kutipa maonero enyu angave akanaka kana akaipa tumirai tsambanhare painfo@zimche.ac.zw.

Nguva dzeBasa

Muvhuro kusvika China: 0800 kusvika 1630

Chishanu: 0800 kusvika 1600

Pamunotibata

Dandemutande: www.zimche.ac.zw

Tsambanhare: info@zimche.ac.zw

Runhare: +263-24-571163-5 / 08677009649

Fakisi: +263-4-581995

Nzvimbo Yatinowanikwa: 310 Hebert Chitepo Avenue, Harare

Matandaro epaIndaneti Ari Pamutemo:

<https://www.facebook.com/zimche>

<https://x.com/ZimcheOfficial>



Kusimbisa Hunaku hweDzidzo yePamusoro